

## **TETEMBUNGAN SAJRONE BIDHANG SOSIAL SUBBIDHANG RELASI SOSIAL ING MASYARAKAT DESA PLUMPANG KECAMATAN PLUMPANG KABUPATEN TUBAN**

**Ariska Hariyani**

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
ariskahariyani@mhs.unesa.ac.id

**Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

### **ABSTRAK**

Tetembungan minangka salah sawijine perangan saka leksikon. Tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial iki nduweni sesambungan teges. Tetembungan subbidhang relasi sosial iki diperang dadi loro adhedhasar klompoke, yaiku patembayan lan paguyuban. Punjer saka panliten iki yaiku tetembungan sajrone bidhang sosial subbidhang relasi sosial. Saka punjer kasebut, undere panliten iki yaiku (1) apa wae jinise sesambungan paradigmatik tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial ing Desa Plumpang Kecamatan Plumpang kabupaten Tuban? lan (2) apa wae jinise sesambungan sintagmatik tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial ing Desa Plumpang Kecamatan Plumpang kabupaten Tuban?

Jinis panliten iki yaiku panliten linguistik dheskriptif sing asipat sinkronis. Dhata panliten iki awujud tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial. Dhata panliten diolehi saka nyemak, nyathet lan ngrekam para panutur basa ing Desa Plumpang. Dhata-dhata sing wis diklumpukake dijlentrehake kanthi nemtokake sesambungan paradigmatik lan jlentrehan struktur batin kanggo nemtokake sesambungan sintagmatik. Dhata-dhata dijlentrehake nggunakake bagan, daftar, lan tabel. Asile panliten disuguhake nggunakake metodhe formal lan informal.

Tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial sing wis diklumpukake cacahé ana 299 tetembungan. Relasi sosial patembayan uga diweruhi ana rong sipat tetembungan ing sesambungan paradigmatik. Tetembungan sing asipat netep cacahé ana 51, cacahé tetembungan iki slaras karo cacahé tetembungan sing ana ing sesambungan sintagmatik asipat enkapsulatif. Dene tetembungan relasi sosial patembayan sing asipat ora netep cacahé ana 52. Cacahé tetembungan iki cundhuk karo cacahé tetembungan sing ana ing sesambungan sintagmatik sing asipat dhistributif. Tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial paguyuban sing asipat netep ana 77 tetembungan. Tetembungan sajrone bidhang relasi sosial paguyuban sing asipat ora netep cacahé ana 79 tetembungan asil iki uga apa karo tetembungan relasi sosial paguyuban ing sesambungan sintagmatik sing asipat dhistributif. Kejaba iku, uga bisa diweruhi jinise sesambungan paradigmatik sing cacahé ana 4 yaiku, hiponim, hipernim, kohiponim, kohipernim.

**Tembung wigati:** Tetembungan, relasi sosial, sesambungan paradigmatik, sesambungan sintagmatik

### **PURWAKA**

Bageyan purwaka iki diprinci dadi limang subbab, yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjere panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedhahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentreh tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

#### **Landhesane Panliten**

Tetembungan (istilah) ing masyarakat Jawa akeh digunakake ana ing bidhang-bidhang panguripan. Anane tetembungan mangkono iku tujuwane kanggo menahi titikan sing mligi ing bidhang-bidhang panguripan. Tetembungan ngenani relasi sosial sajrone bebrayan Jawa akeh banget kayata, 'kuli panggul' tetembungan kasebut digunakake sajrone klompok pasar. Tetembungan kuli panggul iki digunakake kanggo menahi titikan pawongan sing penggaweyane ngusungi barang kulakane bakul pasar utawa pawongan sing blanjane akeh.

Bidhang sosial diperang dadi lima, yaiku kesehatan masyarakat, kesejahteraan sosial, relasi sosial, keadilan sosial, lan ketimpangan sosial. Alasan milih topik tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial iki amarga bab iki kalebu bab sing mirunggan lan manjila. Diarani mirunggan amarga tetembungan iki mung ana ing bidhang panguripan ngenani sesambungan antarane wong siji lan liyane. Dene manjila amarga tetembungan relasi sosial iki bisa manggon luwih saka sajinis bidhang klompok sosial. Tuladhane kaya ing klompok pasar, kulawarga, tahlil lan sapanunggalé.

Subbidhang relasi sosial minangka salahsawijine wujud nyawijine manungsa saengga dadi klompok-klompok utawa masyarakat. Subbidhang relasi sosial mujudake sesambungan kang wigati tumrap manungsa siji marang manungsa liyane, awujud indhividhu utawa klompok. Wujud relasi sosial iki uga ana ing sub-subbidhang patembayan lan paguyuban. Saka

sesambungan sosial sing ana ing masyarakat mula subbidhang relasi sosial iki diperang dadi rong sub-subbidhang. Rong sub-subbidhang kasebut nduweni jinis-jinis bidhang sing luwih cilik maneh. Jinis-jinis bidhang kasebut bisa dilebokake sajrone sub-subbidhang antarane patembayan lan paguyuban kanthi ndeleng titikane.

Tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial sing ing masyarakat Jawa mujudake anane sesambungan antarane masyarakat siji lan liyane. Sawenehe dhaerah, masyarakat nggunakake tetembungan-tetembungan sing unik. Tetembungan sing ana sajrone subbidhang relasi sosial iki akeh banget lan mesthine nduweni titikan sing mligi. Salah sijine tuladha tetembungan sing ana ing dhaerah Tuban yaiku 'prepeyan' tegese saka tetembungan kasebut mujudake sesambungan antarane ipe ketemu ipe. Tetembungan sing digunakake ing dhaerah kasebut nuduhake titikan saka dhaerah kasebut. Mula, dhaerah kasebut bisa nduweni titikan sing khas ing babagan basa. Tetembungan kasebut bisa ngraketake uga bisa ndadekake let antarane sawijine wong.

Panliten iki bakal ngandharake lan njlentrehake tetembungan relasi sosial kanthi nggoleki sesambungan paradigmatik lan sintagmatik. Panliten ngenani sesambungan sintagmatik lan paradigmatik wis tau ana sadurunge, upamane panlitene Desiani (2016) ngenani "Sesambungan Paradigmatik lan Sintagmatik Leksikon ing Dolanan". Panliten iki nggunakake titingan sing meh padha, dhata-dhata panliten iki sing diteliti yaiku tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial. Adhedhasar andharan kasebut, panliti uga bakal nggunakake teori semantik leksikal kanthi ancangan TFDM (teori fitur dhistingtif makna). Cara nggunakake teori iki yaiku kanthi ndeleng sipat sesambungan paradigmatik lan sintagmatik kanggo njlentrehake tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial. Sesambungan paradigmatik lan sintagmatik kasebut kalebu jinise relasi semantis leksikal lan gramatikal.

Panliten iki dilaksanakake ing Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban. Panggon kasebut dipilih amarga masyarakat ing dhaerah kasebut nduweni struktur sosial kang jangkep, wiwit saka status ekonomi sosial, pangupa jiwa, lan liya-liyane. Saliyane iku dhaerah kasebut nduweni basa sing rada beda karo dhaerah liyane mligine ing dhaerah tengah Jawa sing basa Jawane luwih utama.

Dhata kasebut sumbere saka cecaturan masyarakat saben dinane utawa temtebungan sing kerep digunakake kanggo ngandharake sawijine bab mligine ngenani relasi sosial. Dene panggon panlitene ing Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban. Yen dhata, sumber dhata, lan lokasi dhata kasebut digandheng, panliten iki ngenani "Tetembungan sajrone Bidhang Sosial SubBidhang Relasi Sosial ing Masyarakat

Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban".

### **Punjer lan Undere Panliten**

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, punjere panliten iki yaiku sesambungan paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan ing subbidhang relasi sosial. Saka punjer kasebut, undere panliten iku yaiku: (1) Apa wae jinise sesambungan paradigmatik tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial ing Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban, lan (2) Apa wae jinise sesambungan sintagmatik tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial ing Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban. Dene tujuwane yaiku ngerteni jinise sesambungan paradigmatik lan sintagmatik sajrone subbidhang relasi sosial ing Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban.

### **Paedahe Panliten**

Asil panliten iki bisa digunakake kanggo ngrembakakake teori ngenani tetembungan ing bidhang leksikografi. Dene ing bidhang semantik bisa ngrembakakake teori ngenani teges utawa makna ing relasi semantis leksikal mligine ngenani sesambungan paradigmatik lan sesambungan sintagmatik.

Asil panliten ngenani tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial sing ana ing bebrayan iki nduweni paedah praktis yaiku kanggo dhokumentasi lan inventarisasi tetembungan-tetembungan sing ana ing bebrayan mligine ing Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban.

### **Watesane Panliten**

Supaya ora kliwat kaman utawa nyimpang anggone nлити saka underan sing wis ditemtokake, mula perlu ana wewatesan sajrone ngandharake lan njlentrehake panliten iki. Watesane panliten iki ana telu, yaiku (1) topik, (2) dhata, lan (3) carane njinggleng. Andharane kaya ing ngisor iki.

- (1) topik panliten iki ngenani tetembungan sajrone bidhang sosial subbidhang relasi sosial
- (2) dhata ing panliten iki awujud tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial ing Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban lan
- (3) carane njinggleng panliten iki kanthi ndeleng sesambungan paradigmatik lan sintagmatik.

### **Panjentrehe Tetembungan**

Tetembungan sing dianggo ing panliten iki ana papat. Supaya ora kliru mula kudu dijlentrehake tetembungan-tetembungan kasebut. Tetembungan kasebut yaiku, (1) tetembungan, (2) relasi sosial, (3)

sesambungan paradhigmatik, (4) sesambungan sintagmatik. Andharan jangkepe ana ngisor iki.

- 1) Tetembungan yaiku perangan saka leksikon sing nduweni makna sing wis tetep, trep, pesthi, cetha lan mantep, sarta digunakake sajrone bidhang kegiatan ilmu tartamtu (Chaer, 2007: 19),
- 2) Relasi sosial yaiku asil sesambungan (interaksi) wong siji lan liyane kanthi ana pangaribawa antarane kekarone (Setiadi, 2011: 92). Sesambungan ing masyarakat bisa diarani sesambungan sosial nalika sesambungan kasebut dilakasanakake bola-bali. Sesambungan kasebut uga nuwuhake pangaribawa antarane pawongan sing nglakoni sesambungan kasebut. Pangaribawane bisa awujud pangaribawa sing asipat becik utawa pangaribawa sing asipat ala,
- 3) Sesambungan Paradhigmatik yaiku sesambungan antarane perangan-perangan basa sajrone tataran tartamtu sing wewalikan nanging ora bisa diwolakwalik klawan unsur liyane. Sesambungan sing ana sajrone paradhigmatik iki diarani sesambungan in absensia. (Kridalaksana, 2008:86),
- 4) Sesambungan Sintagmatik yaiku sesambungan antarane perangan-perangan basa tartamtu sing wujud linier ing antarane unsur-unsur basa. Sesambungan sing ana sajrone sesambungan sintagmatik iki disebut sesambungan in presetia. (Kridalaksana, 2008: 86).

## **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

### **Tegese Tetembungan**

Tetembungan beda karo tembung. Miturut Kridalaksana (2008:97), tembung yaiku perangan sing paling cilik saka leksikon. Leksikon diperang dadi loro yaiku (1) tembung (kata) lan, (2) tetembungan (istilah). Tetembungan yaiku tembung utawa gabungan tembung sing nduweni makna sing wis tetep, trep, pesthi, cetha lan mantep, sarta digunakake sajrone bidang kegiatan ilmu tartamtu (Chaer, 2007:19).

### **Tegese Relasi Sosial**

Manungsa diripta minangka mahluk sosial. Manungsa ora bisa urip lan nyukupi kabutuhan uripe kanthi dhewekan. Kabisane manungsa nyukupi kabutuhane dhewe diarani manungsa minangka mahluk individhu, nadyan bisa nyukupi kabutuhane dhewe nanging ana saperangan kapentingan sing ora bisa ditandhangi dhewe kanthi teges liya, pawongan kasebut kudu mbutuhake liyan. Manungsa kasebut mbutuhake manungsa liyane kanggo nyukupi kabutuhan pribadhine. Manungsa-manungsa individhu kasebut bakal nyawiji dadi sawijine klompok (Soekanto, 2014:1).

### **1. Patembayan (*Gessellschaft*)**

Wujud panguripan bebarengan sing minangka sesambungan lair sing wujud pokok lan biasane kanggo wektu cendhak. Strukture nduweni sipat mekanis. Sesambungan sing ana sajrone klompok iki adhedhasar kapentingan (Soekanto, 2014:119).

### **2. Paguyuban (*Gemeinschaft*)**

Miturut Soekanto (2014:119) Wujud panguripan bebarengan sing anggotane kaiket sesambungan batin sing asli sipate luhur lan raket. Sipat sing dadi titikan sajrone klompok paguyuban yaiku sesambungane adhedhasar gegayutan emosional.

Sesambungan paradhigmatik adhedhasar jinise ana papat, yaiku hiponim, hipernim, kohiponim, kohipernim. Yen dideleng saka sipate ana loro yaiku netep lan ora netep. Sesambungan sintagmatik jinise ana loro yaiku enkapsulasi lan dhistribusi dene adhedhasar sipate yaiku enkapsulatif lan dhistributif. Teori kanggo panliten iki nggunakake teori fitur dhistingtif makna sing diperang dadi loro yaiku jlentrehan perangane teges lan jlentrehan struktur batin.

### **Konsep-Konsep Panliten Iki**

Ngrembug ngenani relasi makna ateges ngrembug ngenani makna inti. Kejaba iku, relasi utawa sesambungan makna kerep netepake makna tambahan minangka kajian. Tuladhane tembung ‘amplop’ kanthi cara denotatif maknane yaiku sampul surat nanging kanthi cara konotatif ateges ‘sogokan’. Andharan iki selaras karo andharane Nida sajrone Rijal, 2015.

Semantik leksikal ana sesambungane karo makna antarleksikon sing nyambung sajrone bidhang leksikon tartamtu. Kayata sajrone pertambangan, kedokteran, pelayaran, lan sapanunggalé. Andharan iki slaras karo apa sing diandharake dening Saeed, sajrone Utami, 2017.

Komponen relevan yaiku komponen sing mangaribawani dhefinisi makna. Komponen relevan dibagi dadi loro yaiku komponen wajib sing dinduweni sawijine leksem lan diwenehi tandha (+) lan komponen ingkar sing ora dinduweni leksem lan diwenehi tandha (-). Andharan iki padha karo apa sing diandharake dening Budhiono, (2017).

Ana bab sing padha antarane teori panliten iki lan valensi sintaktis. Panliten iki lan valensi sintaktis padha-padha ngrembug ngenani sesambungan. Valensi sintaktis iki luwih nengenake bab sesambungan sajrone sintaktis. Dadi sesambungan makna sing ana luwih rumaket karo sintaksise. Andharan iki slaras karo apa sing diandharake dening Adipitoyo(2013:7).

Teori sing digunakake sajrone valensi sintaktis iki nggunakake teori transformasi generatif yaiku apa sing nyebabakake kabasan iku ora diperlokake, sing

diperlokake yaiku anane sebab iku dhewe. Mula valensi sintaksis iki bisa diarani sintaksis-semantik utawa sintakmatik (Adipitoyo, 2013:7)

**TATA CARANE PANLITEN**

Panliten iki kalebu panliten basa sing nduweni sipat dheskriptif. Jinis linguistik dheskriptif kasebut dipilih amarga panliten iki nliti wujud lan makna kanthi ndeleng kepriye sesambungan paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan relasi sosial kanthi apa anane. Panliten iki asipat sinkronis, amarga sing ditliti yaiku panganggonetetembungan ing subbidhang relasi sosial sing ana ing Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban ing wektu saiki.

Dhata ing panliten iki yaiku dhata primer sing arupa tetembungan relasi sosial. Miturut Sudaryanto (1993:10) dhata primer yaiku dhata sing arupa panggone basa dening panutur kanthi lisan lan tulisan. Sumber dhata minangka dununge dhata panliten. Dhata panliten iki diolehake saka sumber lisan kanthi nyemak para panutur anggone medharake bab tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial. Masyarakat minangka panutur (informan) sing ngandharake ngenani relasi sosial sing dilakoni saben dinan. Informan yaiku pawongan sing ana ing panggon panliten minangka wong sing menehi kawruh utawa warta kanggo panliti ngolehake dhata. Lokasi anggone ngolehake dhata yaiku ing Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban.

Instrumen ing panliten iki kaperang dadi loro, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama ing panliten iki yaiku panliti dhewe, amarga panliti dhewe sing nggolek dhata, njlentrehake, lan nulis panliten iki. Panliti uga nduweni kawruh ngenani basa sing digunakake ing papan panggonan ngolehake dhata, yaiku ing Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban. Dene instrumen panyengkuyunge yaiku piranti kanggo nyathet, ngrekam, ngetig, lan sawenehe piranti liya sing ana gandheng rapete karo piranti kasebut.

Tetembungan-tetembungan saka perangan klompok-klompok iku diolehake saka teknik semak, cakap, lan rekam. Katelu teknik iki bisa dilaksanakake dhewe-dhewe uga bisa dilaksanakake kanthi bebarengan. Teknik semak kanthi ngrungokake cecaturan saka informan. Menawa ana tetembungan sing kalebu klompok ing subbidhang relasi sosial tetembungan kasebut banjur dicatet. Cakap yaiku mancing informan kanthi nakokake pitakonan-pitakonan sing ngenani tetembungan subbidhang relasi sosial. Supaya luwih gampang yaiku nggunakake teknik sing katelu. Nalika nglumpukake dhata becike nggunakake teknik rekam. Supaya apa sing dirembungake dening informan cetha lan ora ana tetembungan-tetembungan sing kliwat nyatet.

Dhata-dhata kasebut banjur digawe tabel perangane teges. Perangane teges diolehake saka titikan-titikan saben tetembungan. Sanjure digoleki drajad pepadhane yaiku kanthi cara:

$$\frac{\text{Cacahe tandha (-)}}{\text{Cacahe perangane teges}} \times 100\%$$

Sabanjure dhata kasebut ditegesi adhedhasar perangan tegese. Cara negesi yaiku kanthi ngurutake spesialisasi, spesifikasi, lan dheskripsi. Spesialisasi yaiku bidhang lan subbidhang, Spesifikasi yaiku jinise utawa klompok saka perangane subbidhang. Dheskripsi yaiku andharan saka tetembungan. Ing bageyan dheskripsi iki titikan-titikan saka tetembungan iku dilebokake. Asil panjlentrehane dhata ing panliten iki kanthi formal lan informal.

**JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASILE PANLITEN**

Bageyan iki diprinci dadi telu, yaiku (1) andharan lan jlentrehane paniten, (2) asile panliten, lan (3) dhiskusi asil panliten.


**Andharan lan Jlentrehane Panliten**

Tetembungan-tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial minangka dhata panliten iki diandharake lan dijlentrehake dadi loro, yaiku (1) jinise sesambungan paradigmatik ing tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial lan (2) jinise sesambungan sintagmatik ing tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial. Andharan luwih cethane sesambungan ing tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial kasebut bisa dideleng ing jlentrehan ngisor iki.

**1. Sesambungan Paradigmatike Tetembungan sajrone Bidhang Relasi Sosial**

Sesambungan paradigmatik adhedhasar jinise diperang dadi 4, yaiku hipernim, hiponim, kohiponim, lan kohipernim. Adhedhasar klompok ing masyarakat relasi sosial dibagi dadi loro. Relasi sosial dipantha luwih dhisik. Saka wong pepathan kasebut banjur dibage maneh dadi perangan sing luwih cilik. Sabanjure lagi digoleki hipernim, hiponim, kohipernim, kohiponime. Luwih cethane delengen bagan ing ngisor iki.

**Bagan 4.1  
Pepanthan Relasi Sosial**



Bagan 4.1 ing ndhuwur nuduhake pepanthane relasi sosial. Relasi sosial dipantha dadi loro yaiku, patembayan lan paguyuban. Kaya sing wis diandharake ing bab II, patembayan mujudake sesambungan sing anane bisa dititiki kanthi anane wektu sing ora suwe, adhedhasar kontrak, ekonomi, politik, patronklien lan kerepe ana ing dhaerah kutha utawa desa sing lumaku owah kaya dhaerah kutha. Klompok paguyuban iki nduweni sipat gegayutan emosional ing saben-saben anggotane. Paguyuban yaiku klompok sosial sing nduweni sesambungan sosial sing raket ing masyarakat ora ana anane bage tugas ing klompok kasebut, sipate pribadi, ora etung-etungan menawa nglakoni kegiatan apa wae. Andharan luwih cethane ngenani sesambungan paradigmatike tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial kasebut bisa dideleng saka jlentrehan ing ngisor iki.

#### **a. Sesambungan Paradigmatike Tetembungan ing Relasi Sosial Patembayan**

Patembayan yaiku klompok sosial sing nduweni sesambungan sosial sing ana ing masyarakat adhedhasar kapentingan, pakumpulan kasebut ana nile kontrak ateges pakumpulan iki mung ana ing wektu tartamtu wae. Menawa kapentingan kasebut wis rampung mula wis ora ana sesambungan sing ngiket antarane pawongan siji lan liyane. Kaya sing wis diandharake ing bab II sajrone klompok patembayan iki sipate nduweni kapentingan ana ing njero sesambungane. Tetembungan-tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial iki nuduhake anane sesambungan semantis leksikal yaiku sesambungan paradigmatik.

Patembayan yaiku klompok sosial sing nduweni sesambungan sosial sing didhasari anane kapentingan. Titikane yaiku anane kontrak, ekonomi lan politik. Ana ing panggon panliten klompok patembayan ditemokake ana 4 yaiku klompok pasar, struktur organisasi desa, klompok arisan, lan tetanggan. Patang klompok iki kaya sing ana ing bagan 4.1. Tetembungan-tetembungan sing ana ing klompok patembayan iki bakal dideleng sesambungan paradigmatike. Adhedhasar konsep kasebut tetembungan-tetembungan sing wis diklumpukake bakal digoleki hiponim, hipernim, kohiponim, kohipernim saka iku bisa diweruhi sipate sesambungan paradigmatike patembayan. Andharan luwih cethane ngenani sesambungan ing tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial kasebut bisa dideleng saka jlentrehan ing ngisor iki.

#### **1) Sesambungan Paradigmatike Tetembungan Relasi Sosial Patembayan sing Arupa Hiponim**


Hiponim yaiku sesambungan antarane tetembungan marang klompok kelas sing ana ing

ndhuwure. Tetembungan manggon ing ngisore kelas sing luwih dhuwur tingkatane. Sesambungan iki nuduhake menawa tetembungan kasebut bisa diarani perangan saka tetembungan kelas kasebut. Patembayan minangka hiponim saka relasi sosial. Yen dideleng saka bagan 4.1 patembayan nduweni sesambungan sing searah marang relasi sosial. Patembayan minangka salah siji pepanthane relasi sosial. Patembayan mesthi bageyan saka relasi sosial. Nanging relasi sosial ora mung patembayan. Hiponim sing ana ing perangan-perangan patembayan bakal dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

#### **a) Hiponim Tetembungan ing Perangan Klompok Pasar**

Pasar yaiku panggonan ketemune bakul lan wong sing tuku. Panggonan iki mujudake anane sesambungan sosial, ing ngendi antarane bakul lan wong tuku kasebut padha-padha mbutuhake. Bakul mbutuhake dhuwit saka wong sing tuku kanggo muterake dagangane. Dene wong tuku uga mbutuhake barang-barang sing didol dening bakul kasebut kanggo nyukupi kabutuhane. Ana ing panggon pasar iki akeh ditemokake anane kegiatan sing nuduhake kegiatan ekonomi lan anane kontrak. Antarane wong dodolan lan wong tuku ora perlu ana sesambungan sing kenthel menawa urusane wis rampung, rampung uga sesambungan kasebut. Mula apa sing dilakoni ing pasar iki mujudake kegiatan klompok patembayan. Tetembungan sing ana ing pasar yaiku kaya nunut, saingan, kuli panggul, kulakan, kenceng lan sapanunggalé. Tetembungan-tetembungan kasebut diperang dadi loro. Luwih gamblange coba delengen bagan iki.

#### **Bagan 4.2 Klompok Pasar**



Bagan ing ndhuwur nggambarake perangane tetembungan ing klompok pasar yaiku perangan wargane lan wujude. Perangan wargane yaiku arane pawongan sing manggon utawa mlebu ing klompok pasar. Perangan wujude yaiku kegiatan sing ana sajrone klompok pasar. Saka bagan kasebut bakal digoleki hiponime. Luwih cethane diandharake kaya mangkene.

Sesambungan hiponim sing ana sajrone klompok pasar yaiku sesambungan antarane wargane sing isine ana bakul, wong tuku, tukang parkir, kuli

panggul, blanthik, lijo, mendreng, nunut, sapon, langganan, jaja lan wujud klompok pasar sing isine ana kulakan, nempil, bongkaran, nempur, kenceng, utang, ngebon, modhal, boreg, mbestel, kerokan, mbitingi marang unsur klompok pasar. Sesambungan kasebut nuduhake sesambungan antarane unsur sing ana ing ngisor marang unsur sing ana ing ndhuwure. Perangan warga lan wujud isih dipecah maneh dadi perangan sing luwih cilik.

Saka bagan 4.2 diweruhi yen wargane lan wujud dadi subordinat dene klompok pasar minangka superordinat. Hiponim wargane lan wujud nuduhake tandha sing searah marang klompok pasar. Tandha sing searah nuduhake wargane lan wujud minangka jinise saka klompok pasar.

## **2) Sesambungan Paradhigmatike Tetembungan Relasi Sosial Patembayan sing Arupa Hipernim**

Hipernim yaiku sesambungan antarane klompok kelas marang tetembungan utawa klompok kelas sing ana ing ngisore. Klompok kelas sing manggo ing ndhuwur kasebut diarani superordinat. Dene tetembungan utawa kelas sing ana ing ngisore kasebut diarani subordinat. Sabanjure bakal diandharake ngenani hipernim sing ana ing perangan-perangan sajrone patembayan. Luwih cethane kaya mangkene.

### **a) Hipernim Tetembungan ing Perangan Klompok Pasar**

Sesambungan hipernim sing ana sajrone klompok pasar yaiku sesambungan antarane klompok pasar marang wargane lan wujud. Sesambungan kasebut nuduhake sesambungan antarane unsur sing ana ing ndhuwur marang unsur sing ana ing ngisor. Klompok pasar minangka superordinat ing tatanan unsur kasebut, warga lan wujud uga dadi subordinat. Sesambungan hipernim sing ana ing klompok pasar iki searah saka ndhuwur mengisor delengen bagan 4.2.

## **3) Sesambungan Paradhigmatike Tetembungan Relasi Sosial Patembayan sing Arupa Kohiponim**

Kohiponim yaiku sesambungan antar tetembungan sing manggon ing kelas ngisor. Tetembungan siji lan liyane sesambungan nuduhake yen kabeh sing ana ing kelas ngisor iki mau nduweni komponen sing meh padha utawa kelas nduwur sing padha. Luwih cethane ngenani sesambungan sing mujudake kohiponim ana ing perangan-perangan patembayan bisa dideleng ing andharan iki

### **a) Kohiponime Tetembungan ing Perangan Klompok Pasar**

Saka bagan 4.2 bisa dideleng kohiponim sing ana ing perangan klompok pasar yaiku sesambungan antarane wargane lan wujud sing kekarone minangka hiponim.

Ana ing perangan wargane katon sesambungan kohiponim maneh yaiku antarane tetembungan wargane sing ana ing klompok pasar, yaiku bakul, wong toko, tukang parkir, kuli panggul, blanthik, lijo, mendreng, nunut, sapon. Sesambungan kohiponim uga katon sajrone tetembungan wujud kegiatan klopok pasar, yaiku langganan, jaja, kulakan, nempil, bongkaran, nempur, kenceng, utang, ngebon, modhal, boreg, mbestel, kerokan, mbitingi. Ngenani kohiponime klompok pasar wis dijltrethane lan diandharake. Sabanjure andharan lan jlentrehan hiponime tetembungan sing ana ing perangan struktur desa. Ngenani jlentrethane bakal diandharane ana ing sub-subab sabanjure.

## **4) Sesambungan Paradhigmatike Tetembungan Relasi Sosial Patembayan sing Arupa Kohipernim**

Kohipernim yaiku sesambungan antarane kelas-kelas tetembungan sing ana ing ndhuwur. Sesambungan iki nuduhake anane sesambungan antarane kelas superordinat. Yen dideleng saka bagan 4.1 bisa diweruhi yen patembayan nduweni sesambungan kohipernim marang paguyuban. Kekarone nduweni sesambungan kohipernim amarga patembayan lan paguyuban iki minangka hipernim saka perangan sing ana ing ngisore. Andharan ngenani sesambungan sing mujudake kohipernim ing tetembungan sajrone klompok patembayan kaya mangkene.

### **a) Kohipernime Tetembungan ing Perangan Klompok Pasar**

Sesambungan kohipernim sing ana ing tetembungan sing ana ing klompok pasar yaiku sesambungan antarane wargane klompok pasar lan wujud klompok pasar. Sesambungan sing ana ing kene diarani sesambungan sing awujud kohipernim amarga wargane klompok pasar lan wujud klompok pasar minangka superordinat saka tetembungan sing ana ing ngisore. Ngenani kohipernime klompok pasar wis dijltrethane lan diandharake. Sabanjure andharan lan jlentrehan kohipernime tetembungan sing ana ing perangan struktur organisasi desa. Ngenani jlentrethane bakal diandharane ana ing sub-subab sabanjure.

## **1) Sesambungan Paradhigmatike Tetembungan Relasi Sosial Patembayan sing Asipat Netep**

Ana ing klompok patembayan uga ana sesambungan sing asipat netep lan ora netep. Ing kene diandharake ngenani sesambungan sing asipat netep ing perangan-perangan saka klompok patembayan. Dene sesambungan sing asipat ora netep ana ing andharan lan jlentrehan bacute. Luwih gamblange ana ing ngisor iki.

### **a) Tetembungan sing Asipat Netep ing Perangan Klompok Pasar**

Ana ing perangan bakul pasar ditemokake tetembungan-tetembungan kaya ing ngisor iki. Tetembungan sing ana wis diklompokake dadi loro yaiku arane pawongan lan arane kegiatan. Apa wae

tetembungan sing ana ing perangan bakul pasar? Bisa dideleng ana ing dhaftar ngisor iki.

3	bakul	+	+	+	-	75%
4	kuli panggul	+	-	+	-	50%
5	blanthik	+	-	+	-	50%
6	kulakan	+	+	-	+	75%

**Dhaftar 4.1**

**Tetembungan-Tetembungan Klompok Pasar**

Arane pawongan	(1)	nunut
	(2)	sapon
	(3)	saingan
	(4)	langganan
	(5)	bakul
	(6)	kuli panggul
	(7)	blanthik
	(8)	lijo
	(9)	mendreng
	(10)	jaja
Arane kegiatan	(11)	kulakan
	(12)	nempil
	(13)	bongkaran
	(14)	nempur
	(15)	kenceng
	(16)	utang
	(17)	ngebon
	(18)	modhal
	(19)	sistem benteng
	(20)	boreg
	(21)	mbestel
	(22)	kerokan
	(23)	mbitingi

Katrangan:

a = lanang

c = arane pawongan

b = wadon

d = arane kegiatan

Saka jlentrehan fitur kasebut dadi sarana kanggo nggoleki sesambungan sing asipat netep ing tetembungan kasebut. Tetembungan kasebut kalebu tetembungan sing netep amarga tetembungan kasebut ora bisa manggon ing perangan liya utawa bidhang liya ing relasi sosial. Tetembungan kasebut bisa diarani tetembungan sing ora substitutif yaiku tetembungan sing tetep utawa ora bisa nyulihi tetembungan liyane. Mula tetembungan-tetembungan iki bisa diarane enkapsulatif.

**Dhaftar 4.2**

**Tetembungan-Tetembungan ing Klompok Pasar sing Asipat Netep**

Arane pawongan	
No	Tetembungan
1	sapon
2	langganan
3	bakul
4	kuli panggul
5	blanthik
6	kulakan

Saka jlentrehan fitur kasebut, tetembungan sing asipat enkapsulatif sabanjure ditegesi. Teges tetembungan kasebut saka komponen-komponen sing mbedakake tetembungan siji lan tetembungan liyane. Tegese tetembungan kasebut kaya mangkene.

(1) sapon

Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane kanggo nyebut bayaran jasa resesik ing pasar.

(2) langganan

Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane pawongan sing kerep tuku barang utawa jasa cacah sithik utawa akeh.

(3) bakul

Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane pawongan sing manggon ing pasar kanggo ngedolake barang dagangane.

(4) kuli panggul

Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane pawongan sing gawene ngrewangi ngusungi barang kulakane wong bakulan.

(5) blanthik

Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane pawongan sing gawene dodolan sapi ing pasar.

Dhaftar tetembungan kasebut iki bisa dingerteni tetembungan sing ana ing patembayan pasar iku ana 22. Tetembungan sing kalebu perangan arane pawongan ana 9 yaiku nunut, sapon, saingan, langganan, bakul, kuli panggul, blanthik, lijo, mendreng, jaja. Tetembungan sing kalebu perangan arane kegiatan ana 13 tetembungan yaiku kulakan, nempil, bongkaran, nempur, kenceng, utang, ngebon, modhal, sistem benteng, boreg, mbestel, kerokan, mbitingi. Sabanjure tetembungan-tetembungan iku mau digoleki sing asipat enkapsulatif. Enkapsulatif yaiku tetembungan sing substitutif tegese ora bisa nyulihi utawa ngganteni tembung liya. Tetembungan kasebut mung ana ing sapanggonan utawa bidhang tartamtu. Watesane yaiku mung saperangan wae.

Ana ing perangan arane pawongan ditemokake dhata tetembungan ana 6 tetembungan. Dhata kasebut sing mengko bakal diandharake nggunakake fitur distingtif makna. Supaya luwih cetha ngenani kepriye fitur saka tetembungan perangan arane pawong sing asipat enkapsulatif iki, coba deleng tabel ing ngisor iki.

**Tabel 4.1**

**Drajad Pepadhan Tetembungan-Tetembungan ing Klompok Pasar**

No	Komponen makna Tetembungan	a	b	c	d	DP
		1	sapon	+	+	
2	langganan	+	+	+	-	75%

(6) kulakan  
Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane kegiatan tuku barang kanggo didolake maneh.

Perangan sing kaloro saka yaiku perangan arane kegiatan. Ana ing perangan arane kegiatan ditemokake dhata tetembungan ana 5 tetembungan. Dhata kasebut sing mengko bakal jlentrehake nggunakake fitur distingtif makna. Supaya luwih cetha ngenani kepriye fitur saka tetembungan perangan arane kegiatan sing asipat enkapsulatif iki, coba deleng tabel ing ngisor iki.

**Tabel 4.2**  
**Drajad Pepadhan Tetembungan-Tetembungan ing Klompok Pasar**

No	Komponen makna Tetembungan	a	b	c	d	DP
1	bongkaran	+	-	-	+	50%
2	sistem benteng	+	+	-	+	75%
3	mbitingi	-	+	-	+	50%

Katrangan:

a = lanang  
b = wadon

c = arane pawongan  
d = arane kegiatan

Tandha (+) yaiku nuduhake yen komponen makna kasebut bisa ditampa. Tandha (-) tegese komponen makna kasebut ora bisa ditampa. Drajad pepadhan bisa dietung saka cacah tandha (-) dibagi cacah komponen ping 100%. Tetembungan ing perangan arane kegiatan iki ana 6 tetembungan sing nduweni sipat enkapsulatif. Luwih jangkepe delengen dhaftar ngisor iki.

**Dhaftar 4.3**  
**Tetembungan-Tetembungan ing Klompok Pasar sing Asipat Netep**

Arane kegiatan	
No	Tetembungan
1	bongkaran
2	boreg
3	mbitingi

Jlentrehan fitur kasebut nuduhake sesambungan sing asipat netep ing tetembungan kasebut. Tetembungan kasebut kalebu tetembungan sing netep amarga tetembungan kasebut ora bisa manggon ing perangan liya utawa bidhang liya ing relasi sosial. Tetembungan kasebut bisa diarani tetembungan sing ora substitutif yaiku tetembungan sing tetep utawa ora bisa nyulihi tetembungan liyane. Tegese tetembungan kasebut kaya mangkene.

(1) bongkaran

Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane kegiatan ngusungi lan nata barang sing arep didol ing pasar.

(2) boreg

Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane tetukon barang kanthi mbayar ing ngarepan.

(3) mbitingi

Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane kegiatan menahi pitulungan marang bakul ing sandhing panggone sing lagi kerepotan, bakul liyane ngrewangi mbungkusi nggunakake biting.

Ngenani enkapsulasine klompok pasar wis dijlentrehane lan diandharake. Sabanjure andharan lan jlentrehan enkapsulasine tetembungan sing ana ing perangan struktur organisasi desa. Ngenani jlentrehan bakal diandharane ana ing sub-subab sabanjure.

**2) Sesambungan Paradhigmatike Tetembungan Relasi Sosial Patembayan sing Asipat Ora Netep**

Yen ana sesambungan sing asipat netep tetembungan iku ora bisa nyulihi tetembungan liyane utawa substitutif. Sawalike tetembungan sing asipat ora netep yaiku tetembungan-tetembungan sing bisa nyulihi tetembungan liyane utawa sing diarani substitutif. Luwih cethane delengen andharan lan jlentrehan iki.

**a) Tetembungan sing Asipat Ora Netep ing Perangan Klompok Pasar**

Dhata kasebut sing mengko bakal diandharake nggunakake fitur distingtif makna. Supaya luwih cetha ngenani fitur saka tetembungan perangan arane pawong sing asipat dhisitributif iki, coba deleng tabel ing ngisor iki.

**Tabel 4.3**  
**Drajad pepadhan Tetembungan-Tetembungan ing Klompok Pasar**

No.	Komponen makna Tetembungan	a	b	c	d	DP
1	nunut	+	+	+	-	25%
2	lijo	-	+	+	-	50%
3	mendreng	-	+	+	-	50%
4	jaja	+	-	+	-	50%

Katrangan:

a = lanang  
b = wadon

c = arane pawongan  
d = arane kegiatan

Tandha (+) yaiku nuduhake yen komponen makna kasebut bisa ditampa. Tandha (-) tegese komponen makna kasebut ora bisa ditampa. Drajad pepadhan bisa dietung saka cacah tandha (-) dibagi cacah komponen ping 100%. Ana ing perangan arane pawongan ditemokake dhata tetembungan ana 4 tetembungan. Tetembungan-tetembungan kasebut bisa dideleng saka dhaftar ing ngisor iki.



**Dhaftar 4.4**  
**Tetembungan-Tetembungan ing Klompok**  
**Pasar sing Asipat Ora Netep**

Arane pawongan	
No	Tetembungan
1	nunut
2	lijo
3	mendreng
4	jaja

Saka tabel ing ndhuwur, tetembungan nunut, lijo, mendreng, lan jaja bisa dideleng komponene. Komponene sing ana yaiku lanang, wadon, arane pawongan, lan arane kegiatan. Saka fitur kasebut tetembungan sing ana kasebut bisa ditegesi.

- (1) nunut  
Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane pawongan sing manggon dodolan ing pinggir dodolane wong liya.
- (2) lijo  
Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane pawongan sing gawene dodolan butuhan blanja midher.
- (3) mendreng  
Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane pawongan sing gawene dodolan klambi midher ing omah-omah.

Perangan sing kaloro saka bakul pasar yaiku perangan arane kegiatan. Tetembungan-tetembungan ing dhaftar kasebut kalebu tetembungan sing asipat dhisitributif. Dhata tetembungan kasebut sing mengko bakal diandharake nggunakake fitur distingtif makna. Supaya luwih cetha ngenani kepriye fitur saka tetembungan perangan arane pawong sing asipat dhisitributif iki, coba deleng tabel ing ngisor iki.

**Tabel 4.4**  
**Drajad Pepadhan Tetembungan-**  
**Tetembungan ing Klompok Pasar**

No	Komponen makna Tetembungan	a	b	c	d	DP
		1	nempil	+	+	
2	nempur	-	+	-	+	50%
3	kenceng	+	+	-	+	25%
4	utang	+	+	-	+	25%
5	ngebon	+	+	-	+	25%
6	modhal	+	+	-	+	25%
7	kerokan	+	-	-	+	50%
8	saingan	+	+	-	+	25%

Katrangan:

a = lanang  
b = wadon

c = arane pawongan  
d = arane kegiatan

Tandha (+) yaiku nuduhake yen komponen makna kasebut bisa ditampa. Tandha (-) tegese komponen makna kasebut ora bisa ditampa. Drajad pepadhan bisa dietung saka cacah tandha (-) dibagi cacah komponen ping 100%. Tetembungan ing perangan arane kegiatan iki ana 8 tetembungan. Luwih jangkepe delengen dhaftar ngisor iki.

**Dhaftar 4.5**  
**Tetembungan-Tetembungan ing Klompok**  
**Pasar sing Asipat Ora Netep**

Arane kegiatan	
No	Tetembungan
1	nempil
2	nempur
3	kenceng
4	utang
5	ngebon
6	modhal
7	kerokan

Tabel fitur iku nggampangake anggane negesi dhata-dhata tetembungan adhedhasar komponen maknane. Komponen makna iki nuduhake bedane saben-saben tetembungan. Komponen makna sing digunakake yaiku lanang, wadon, arane pawongan, arane kegiatan. Saka tabel mau tetembungane bisa ditegesi kaya mangkene.

- (1) nempil  
Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane kegiatan nyilih barang kanggo digunakake ndhisik, sabanjure bakal dibalekake dhuwit kanthi rega asli kulakan.
- (2) nempur  
Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane kegiatan nyilih barang arupa beras kanggo digunakake ndhisik, sabanjure dibalekake arupa beras.
- (3) kenceng  
Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane kegiatan menahi dhuwit minangka dhuwit awal sadurunge tuku lunas barang kasebut.
- (4) utang  
Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane kegiatan nyilih utawa tuku barang kanthi cara mbayar sing ora langsung kanthi perjanjen sing wis disepakati
- (5) ngebon  
Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane kegiatan tuku barang kanthi cara dibayar yen total tetukone wis akeh.
- (6) modhal  
Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar

sing tegese arane dhuwit utawa barang sing digunakake bandha dodolan.

(7) kerokan

Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane kegiatan menahi pitulungan ngeroki utawa mijeti tangga bakul sing kudu ora penak awake.

(8) saingan

Tetembungan sing kalebu bidhang relasi sosial, sub bidhang patembayan, sub-sub bidhang bakul pasar sing tegese arane kegiatan sing dilakoni dening wong supaya bisa luwih saka wong liya sing dianggep lawane.

Ana ing ndhuwur andharan lan jlentrehan dhistribusine tetembungan sing ana ing klompok pasar. Sabanjure ana ing perangan patembayan sing kaloro yaiku struktur organisasi desa. Ngenani jlentrehane bakal diandharane ana ing sub-subab sabanjure.

**2. Sesambungan Sintagmatike Tetembungan ing Relasi Sosial Patembayan**

Sesambungan sintagmatik diperang dadi 2, yaiku enkapsulasi lan dhistribusi. Ana ing pakumpulan masyarakat bebrayan ana sing diarani relasi sosial. Relasi sosial iki wujud keraketan pawongan-pawongan

sing ana ing masyarakat. Luwih cethane delengen bagan ing ngisor iki.

**a. Sesambungan Sintagmatike Tetembungan Relasi Sosial Patembayan sing Asipat Enkapsulatif**

Enkapsulasi ana ing sesambungan sintagmatik sing nuduhake sesambungan sing salaras antarane tetembungan lan klompok patembayan. Ana ing kene enkapsulasi bisa diweruhi saka tetembungan-tetembungan sing kalebu tetembungan sing asipat netep ana ing sesambungan paradhigmatik. Kaya sing ana ing andharan sesambungan sintagmatik. Tetembungan sing asipat enkapsulatif kasebut mung ana ing perangan tartamtu.

**1). Enkapsulasine Tetembungan ing Perangan Klompok Pasar**

Ana sesambungan paradhigmatik wis diandharake lan dijlentrehake ngenani tetembungan sing netep ana patembayan perangan klompok pasar. Saka andharan lan jlentrehan sing ana ing sesambungan paradhigmatik dadi dhasar kanggo nggandharake lan jlentrehake tetembungan sing asipat enkapsulatif. Yen tetembungan sing asipat netep iku nduweni titikan ora owah saka panggone ana ing sesambungan sintagmatik uga kaya mangkono tetembungan sing asipat enkapsulatif minangka tetembungan sing ora bisa nyulhi tetembungan liyane. Delengen tabel ing ngisor iki.

**Tabel 4.5**  
**Sipat Enkapsulasine Tetembungan-Tetembungan ing Klompok Pasar**

No.	Tetembungan	Bedane Tetembung			Jinise Paguyuban
		a	b	c	
1	sapon	√	-	-	Wargane klompok Pasar
2	langganan	-	√	-	Wargane klompok Pasar
3	bakul	√	-	-	Wargane klompok Pasar
4	kuli panggul	√	-	-	Wargane klompok Pasar
5	blanthik	√	-	-	Wargane klompok Pasar
6	kulakan	-	-	√	Wujud kegiatan klompok pasar
7	bongkaran	-	-	√	Wujud kegiatan klompok pasar
8	boreg	-	-	√	Wujud kegiatan klompok pasar
9	mbitingi	-	-	√	Wujud kegiatan klompok pasar

Katrangan:

a = arane pawongan

b = arane status

c = arane kegiatan

Saka tabel ing ndhuwur, bisa dingerteni tetembungan sapon, langganan, bakul, kuli panggul, blanthik, kulakan, bongkaran, boreg, mbitingi minangka tetembungan enkapsulator sing dibedakake adhedhasar komponen arane pawongan, arane status, lan arane kegiatan. Dene wargane klompok pasar lan wujud kegiatan klompok pasar minangka enkapsulasine. Tetembungan sapon, langganan, bakul, kuli panggul, blanthik slaras karo wargane klompok pasar. Dene tetembungan kulakan, bongkaran, boreg, mbitingi cundhuk karo perangan wujud kegiatan klompok pasar.

**Tabel 4.6**  
**Enkapsulasine Tetembungan Perangan Klompok Pasar**

Klompok Pasar Tetembungan	Wargane Klompok Pasar	Wujud Kegiatan Klompok Pasar
sapon	√	-
langganan	√	-
bakul	√	-
kuli panggul	√	-
blanthik	√	-
kulakan	-	√
bongkaran	-	√
boreg	-	√
mbitingi	-	√

Adhedhasar tabel ing ndhuwur bisa dingerteni tetembungan-tetembungan perangan klompok pasar sing asipat enkapsulatif panggone. Tetembungan-tetembungan kasebut netep ana ing perangane dhewe-dhewe. Tandha (√) nuduhake menawa tetembungan kasebut bisa ditampa, dene tandha (-) nuduhake tetembungan kasebut ora bisa ditampa. Menawa jinis patembayan diganti surasane bakal beda. Tuladhane kaya tetembungan langganan lan bakul, langganan lan bakul iki mung ana ing klompok pasar perangan wargane klompok pasar. Ora mungkin ana ing perangan wujud kegiatan klompok pasar.

**b. Sesambungan Sintagmatike Tetembungan Relasi Sosial Patembayan sing Asipat Dhistributif**

Sesambungan sintagmatik sing asipat dhistribusi yaiku tetembungan sing nduweni sipat ora netep. Tetembungan bakal dijlentrehake luwih cetha dideleng saka gramatikale utawa tatanan ukarane. Luwih cethane bisa dideleng saka jlentrehan sabanjure.

**1) Dhistribusine Tetembungan ing Perangan Bakul Pasar**

Sipate sesambungan sintagmatik sing liyane yaiku dhistributif. dhistributif tegese tetembungan bisa nyulahi tetembungan liyane lan tetembungan kasebut bisa manggon ing panggonan liyane utawa bisa digunakake ing bidhang liyane. Tetembungan sing nduweni sipat dhistributif nduweni panggonan sing luwih saka siji. Sabanjure, supaya luwih cetha bakal diklompok-klompokake maneh tetembungan sing asipat dhistributif adhedhasar perangane. Andharan ngenani sesambungan asipat dhistributif ing tetembungan patembayan sing kalebu pasar iki uga bakal diperang dadi loro yaiku arane pawongan lan arane kegiatan.

**Tabel 4.6**  
**Sipat Dhistribusine Tetembungan-  
Tetembungan ing Klompok Pasar**

No.	Tt	Bedane Tembung		Jinise Pg.
		Arane Pawongan	Arane Kegiatan	
1	nunut	√	-	Wargane Kl. Pasar
2	lijo	√	-	Wargane Kl. Pasar
3	mendreng	√	-	Wargane Kl. Pasar
4	jaja	√	-	Wargane Kl. Pasar
5	nempil	-	√	Wujud Kegiatan Kl. Pasar
6	nempur	-	√	Wujud Kegiatan Kl. Pasar
7	kenceng	-	√	Wujud Kegiatan Kl. Pasar
8	utang	-	√	Wujud

				Kegiatan Kl. Pasar
9	ngebon	-	√	Wujud Kegiatan Kl. Pasar
10	modhal	-	√	Wujud Kegiatan Kl. Pasar
11	kerokan	-	√	Wujud Kegiatan Kl. Pasar
12	saingan	-	√	Wujud Kegiatan Kl. Pasar

Katrangan:

a = arane pawongan

b = arane kegiatan

Saka tabel ing ndhuwur, bisa dingerteni tetembungan nunut, lijo, mendreng, jaja, nempil, nempur, kenceng, utang, ngebon, modhal, kerokan, saingan minangka tetembungan dhistributor sing dibedakake adhedhasar komponen arane pawongan lan arane kegiatan. Dene wargane klompok pasar lan wujud kegiatan klompok pasar minangka dhistribusine.

**Tabel 4.7**  
**Dhistribusine Tetembungan Perangan Klompok Pasar**

Klompok Pasar Tetembungan	Wargane Klompok Pasar	Wujud Kegiatan Klompok Pasar
nunut	√	-
lijo	√	-
mendreng	√	-
jaja	√	-
nempil	-	√
nempur	-	√
kenceng	-	√
utang	-	√
ngebon	-	√
modhal	-	√
kerokan	-	√
saingan	-	√

Adhedhasar tabel ing ndhuwur bisa dingerteni tetembungan-tetembungan perangan klompok pasar sing asipat dhistributif panggone. Tetembungan-tetembungan kasebut ora netep ana ing perangane dhewe-dhewe. Tandha (√) nuduhake menawa tetembungan kasebut bisa ditampa, dene tandha (-) nuduhake tetembungan kasebut ora bisa ditampa. Menawa jinis klompokke diganti surasane bakal beda. Tuladhane kaya tetembungan nunut, lijo, mendreng, jaja, nempil, nempur, kenceng, utang, ngebon, modhal, kerokan, saingan bisa ditemokake ana ing perangan liyane.

### **Asile Panliten**

Ing perangan iki bakal diandharake asile panliten tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial ing Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban diperang adhedhasar klompok relasi sosial sing ana ing masyarakat. Perangan relasi sosial yaiku patembayan lan paguyuban. Saben tetembungan sing ana ing perangan relasi sosial kasebut nduweni sesambungan makna utawa sing disebut relasi semantis. Relasi semantis diperang dadi loro yaiku sesambungan paradigmatik lan sesambungan sintagmatik. Jinise sesambungan paradigmatik ana 4, yaiku hiponim, hipernim, kohiponim, kohipernim. Yen dideleng saka sipate sesambungan paradigmatik iki bisa diperang dadi 2, yaiku netep lan ora netep. Perangan-perangan sasesambungan paradigmatik kasebut digunakake minangka dhasare panliten. Tetembungan saka subbidhang relasi sosial paguyuban sing ora bisa disubtitusekake mlebu klompok tetembungan sing asipat netep. Tetembungan sing bisa disubtitusekake mlebu klompok ora netep.

Ana ing patembayan ditemokake ana 4 jinis yaiku klompok pasar, klompok struktur organisasi desa, klompok arisan, lan klompok tetanggan. Paguyuban ditemokake ana 3 jinis klompok paguyuban, yaiku paguyuban kulawarga, klompok tahlil, lan paguyuban silat. Tetembungan relasi sosial paguyuban sing asipat netep ana 77 tetembungan, dene sing asipat ora netep ana 79 tetembungan. Tetembungan relasi sosial patembayan sing asipat netep ana 51 tetembungan, dene sing asipat ora netep ana 52 tetembungan.

Sesambungan sintagmatik dibagi dadi loro yaiku tetembungan sing asipat enkapsulatif lan tetembungan dhistributif. Cacah tetembungan sing asipat enkapsulatif lan dhistributif iki mesthi padha karo tetembungan sing asipat netep lan ora netep ana ing sesambungan paradigmatik. Mula yen tetembungan relasi sosial paguyuban nduweni tetembungan sing asipat netep cacah 77 ana sing sesambungan sintagmatik tetembungan relasi sosial paguyuban uga nduweni cacah 77 tetembungan. Tetembungan sajrone subbidhang relasi sosial paguyuban sing asipat ora netep cacah ana 79 tetembungan asil iki uga apa karo tetembungan relasi sosial paguyuban ing sesambungan sintagmatik sing asipat dhistributif. Relasi sosial patembayan uga diweruhi ana rong sipat tetembungan ing sesambungan paradigmatik. Tetembungan sing asipat netep cacah ana 51, cacah tetembungan iki slaras karo cacah tetembungan sing ana ing sesambungan sintagmatik asipat enkapsulatif. Dene tetembungan relasi sosial patembayan sing asipat ora netep cacah ana 52. Cacah tetembungan iki cundhuk karo cacah tetembungan sing ana ing sesambungan sintagmatik sing asipat dhistributif.

### **Dhiskusi Asile Panliten**

Adhedhasar asil panliten, dhiskusi asile panliten adhedhasar panliten saemper ana rong jinis, yaiku ngenani tetembungan lan ngenani sesambungan paradigmatik lan sintagmatik. Panliten sing dilaksanakake dening Muhtadin, dkk (2009) nлити ngenani kamus istilah kesehatan ing basa Sunda. Senadyan padha tetembungan bidhang sosial nanging subbidhang tetembungane, basa, lan lokasi panliten iki beda, saengga dhata sing diolehake uga ora padha. Panlitene Muhtadin iki kalebu panliten bidhang sosial subbidhang kesehatan masyarakat. Dene lokasi panliten ana ing Jawa Barat lan Banten sing pawongane luwih kerep nggunakake Basa Sunda.

Kapindho yaiku panliten ngenani jinise sesambungan paradigmatik lan sintagmatik sajrone subbidhang relasi sosial ing Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban. Jinise sesambungan paradigmatik ana loro, yaiku netep lan ora netep. Sesambungan sintagmatike ana loro uga, yaiku enkapsulasi lan dhistribusi. Panliten iki beda karo panlitene Utami (2013) kang ngandharake set lan kolokasi sajrone upacara panggih penganten. Dadi ing panliten kasebut asile arupa set lan kolokasi sing ana sajrone upacara panggih temanten. Upacara panggih temanten iki minangka subbidhang saka upacara adat. Dene ing panliten iki ngandharake mligi ngenani subbidhang relasi sosial. Rerembungan bab iki bisa ndadekake panliten Jawa luwih maneka warna.

Panliten iki uga slaras karo andharane Soekanto (2014), relasi sosial iku ana loro yaiku patembayan lan paguyuban. Ing panliten sing dilaksanakake ing desa plumpang ana patang jinis klompok patembayan, yaiku klompok pasar, klompok struktur organisasi desa, klompok arisan, lan klompok tetanggan. Paguyuban ditemokake ana telung jinis klompok paguyuban, yaiku paguyuban kulawarga, klompok tahlil, lan paguyuban silat.

Yen dideleng saka apa sing diandharake dening Nida, sajrone Rijal, (2015). Panliten iki wis slaras ngenani andharan yen sesambungan teges iku sesambungan sing netepake makna kanthi cara denotatif lan konotatif. Makna sing ditemokake sajrone tetembungan nduweni makna asli lan ora asli ing bidhang-bidhang tartamtu.

Tetembungan-tetembungan kasebut kalebu ing bidhang-bidhang tartamtu andharan iki slaras kao apa sing dianadharake dening Saeed, sajrone Utami, (2017). Yen semantik leksikal ana sesambungane karo makna antar leksikon sing nyambung sajrone bidhang tartamtu.

Antarane sesambungan paradigmatik lan sintagmatik karo valensi sintaktis iki padha-padha ngrembug ngenani sesambungan makna. Bedane

sesambungan sing ana panliten iki objeke ing tembung utawa tetembungan. Dene valensi sintaktis iku objeke yaiku ukara. Valensi sintaktis uga luwih ndeleng sesambungan makna saka struktur sintaksise. Sesambungan sing ana ing panliten iki ora mbutuhake tata urut ukara sing jangkep.

Teori sing digunakake uga beda. Ana ing panliten iki teori sing digunakake yaiku teori fitur distingtif makna kanthi ndeleng jlentrehan teges lan jlentrehan batine. Ana ing valensi sintaktis nggunakake teori tranformasi generatif kanthi ndeleng saka jlentrehan ukarane.

Yen dideleng saka panliten sing dilaksanakake dening Surana (2017) Panliten iki padha-padha ngenani basa mligine diteliti kanthi cara leksikal. Bedane panliten sing diteliti nggunakake inferensi yaiku wacana. Dene objek panliten ing kene yaiku tetembungan. Mula panliten iki ora padha karo panliten ngenani inferensi kasebut.

## **PANUTUP**

Bageyan wekasan iki dijlentrehake dudutan minangka asil ndeleng sesambungan paradigmatik lan sintagmatike tetembungan subbidhang relasi sosial saka panliten iki lan pamrayoga kanggo panliten sabanjure. Andharan luwih jangkepe mangkene.

## **Dudutan**

Adhedhasar sesambungan sing asipat netep ing sesambungan paradigmatik lan asipat enkapsulatif ing sesambungan sintagmatik tetembungan kasebut bisa diarani tetembungan asli. Sawalike tetembungan ora asli bisa diolehake saka tetembungan sing asipat ora netep ing sesambungan paradigmatik lan tetembungan sing asipat dhibistributif ing sesambungan sintagmatik. Tetembungan sing nduweni sipat netep ateges tetembungan kasebut asli saka perangan sing dipanggoni. Tetembungan iki ora bakal ditemokake ana perangan liyane. Beda maneh karo tetembungan sing asipat ora netep, tetembungan iki bisa diarani tetembungan sing ora asli utawa silihan. Diarani silihan amarga tetembungan kasebut bisa dinduweni perangan liyane. Tetembungan sing asipat asli sajrone subbidhang relasi sosial cacahé ana 128, cacahé tetembungan diolehake saka tetembungan sing asipat netep lan slaras karo tetembungan sing asipat enkapsulatif. Dene tetembungan relasi sosial sing asipat ora asli cacahé ana 131 tetembungan. Cacahé tetembungan iki diolehake saka tetembungan sing asipat ora netep lan cacahé tetembungan ing slaras karo tetembungan sing asipat enkapsulatif.

## **Pamrayoga**

Asil saka panliten ngenani sesambungan paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan subbidhang relasi sosial ing Desa Plumpang iki isih ana sing kurang. Panliten iki durung bisa ngrembug klompok-klompok sing luwih. Diajab ana ing panliten sabanjure bisa diteliti ngenani bab iki kanthi jlimet lan jangkep, supaya panliten ngenani bab sesambungan paradigmatik mligine ngenani sesambungan sing ana ing tetembungan sajrone subbidhang sosial mligine subbidhang relasi sosial iki bisa luwih jembar. Panliti uga nyadhari menawa panliten iki isih adoh saka kasampurnan, mula panliti nduweni pangarep-arep anane panyaru sing asipat mangun supaya panliten ngenani bab iki bisa luwih apik.

## **KAPUSTAKAN**

- Adipitoyo, Sugeng. 2013. *Valensi Sintaktis Bahasa Jawa*. Surabaya: Citra Wacana
- Ahmadi, Abu. 2007. *Sosiologi Pendidikan*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Amminuddin. 2008. *Semantik, Pengantar Studi Tentang Makna*. Bandung: Sinar Baru Algensindo.
- Budhiono, R Hery. 2017. "Leksikon Alat dan Aktivitas Bertanam Padi dalam Bahasa Jawa". *Litera*. vol 13 no: 2 sajrone laman <http://ojs.badanbahasa.kemdikbud.go.id/jurnal/index.php/kandai/article/view/210/256> dideleng tanggal 23 Januari 2017.
- Chaer, Abdul. 2007. *Leksikologi & Leksikografi Indonesia*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- \_\_\_\_\_. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia (Edisi Revisi)*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- \_\_\_\_\_. 2014. *Linguistik Umum*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Chamidah, Nurul. 2015. "Set lan Kolokasi ngenani Cacade Awak". Unesa: Skripsi ora diterbitake.
- Desiani, Novi. 2016. "Sesambungan Paradigmatik lan Sintagmatik Leksikon ing Dolanan." Unesa: Skripsi ora diterbitake.
- Djajasudarma, Fatimah. 2013. *Semantik 1 makna Leksikal dan Gramatikal*. Bandung: PT Refika Aditama.
- \_\_\_\_\_. 2010. *Metoda Linguistik: Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: PT Refika Aditama.

- \_\_\_\_\_. 2013. *Semantik 2 Relasi Makna Paradigmatik, Sintagmatik, dan Derivasional*. Bandung: PT Refika Aditama.
- Goode, William J. 1991. *Sosiologi Keluarga*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Departemen pendidikan dan Kebudayaan.
- Lyons, John. 1977. *Semantics, Volume 1*. Cambridge London New York Rochelle Melbourne Sydney: Cambridge University Press.
- \_\_\_\_\_. 1955. *Pengantar Teori Linguistik*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Koentjaraningrat. 1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Koentjaraningrat. 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Mahsun. 2014. *Metode Penelitian bahasa: Tahapan Strategi Metode dan Tekniknya*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Nasikun, 2013. *Sistem Sosial Indonesia*. Jakarta: Rajawali Press
- Oka I.G.N. dan Suparno. 1994. *Linguistik Umum*. Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi Dewan Pendidikan dan Kebudayaan.
- Parera, J.D. 2004. *Teori Semantik*. Jakarta: Penerbit Erlangga.
- Pateda, Mansoer. 2001. *Semantik Leksikal (Edisi Kedua)*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Poerwadarminta, W.J.S. *Kamus Pepak*. Jakarta
- Putra, Iqrar Fandy. 2016. "Sesambungan Sintagmatik sajrone Jenenge Bocah ing Kecamatan Saradaan Kabupaten Madiun kang Lair Taun 2010-2015". Unesa: Skripsi ora diterbitake.
- Rahyono, FX. 2012. *Studi Makna*. Jakarta: Penaku
- Rijal, Syamsul. 2015. "Hubungan Makna Akronim dan Kata Pembentuknya pada Acara Indonesia Lawak Klub (ILK) di Trans 7". *Litera*. vol: 21: no 7. Dideleng sajrone laman <http://aksara.kemdikbud.go.id/jurnal/index.php/aksara/article/view/172/102> dideleng tanggal 23 Januari 2017.
- Sajogyo, Pudjiwato. 1985. *Sosiologi Pembangunan*. Jakarta: PT. Etasa Dinamika Jakarta.
- Setiadi, Elly M., lkk. 2011. *Ilmu Sosial dan Budaya Dasar*. Jakarta: Kencana Penada Media Group.
- Soekanto, Soejono dan Winarno Yudho (ed). 1986. *Georg Simmel: Beberapa Teori Sosiologis*. Jakarta: Rajawali.
- Soekanto, Soejono. 2004. *Sosiologi Keluarga Tentang Ikhwal keluarga, Remaja, dan Anak*. Jakarta: PT Asdi Mahasatya.
- Soekanto, Soejono dan Budi Sulistyowati. 2014. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Soeparno. 2002. *Dasar-Dasar Linguistik Umum*. Yogyakarta: PT Tiara Wacana Yogya.
- Solikhah, Siti Maratus. 2016. "Sesambungan Paradhigmatik dan Sintagmatik sajrone Meronimi". Unesa: Skripsi ora diterbitake.
- Sudaryanto. 1998. *Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Suhardi, dkk. 1996. *Dampak Tayangan Televisi terhadap Masyarakat Pedesaan di Jawa Tengah*. Jakarta: CU Bupara Nugraha.
- Sunarto, Kamanto. 2004. *Pengantar Sosiologi*. Jakarta: Lembaga Penerbit Fakultas Ekonomi Universitas Indonesia.
- Surana, S. 2017. "Inferensi dan Problematika Pembelajaran Analisis Wacana." FKIP e-Proceeding, 237-244.
- Ullman, J. WM. 2010. *Asas-Asas Linguistik Umum: Cetakan Ketujuh*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Utami, Farida Tri. 2013. "Set dan Kolokasi sajrone Upacara panggih Penganten." Skripsi ora diterbitake.
- Utami, Gejk Wulan Novi. 2017. "Relasi Makna Leksikon Tiing dalam Bahasa Bali Berbasis Lingkungan". *Litera*. Vol 3: no 1 sajrone laman <http://jurnal.undhirabali.ac.id/index.php/lentera/article/view/283> dideleng tanggal 23 Januari 2017.
- Verhaar, J. WM. 2010. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- <https://www.academia.edu/22160223/>, dideleng 4 Januari 2017.

*<https://www.peta-lengkap.blogspot.com>, dideleng 29  
Desember 2016.*

*[http://repository.usu.ac.id/bitstream/123456789/33733/4/  
Chapter%20II.pdf](http://repository.usu.ac.id/bitstream/123456789/33733/4/Chapter%20II.pdf), dideleng 4 Januari 2017.*

*[http://www.scribd.com/doc/34826071/46/B-Jenis-  
Hubungan-Sosial](http://www.scribd.com/doc/34826071/46/B-Jenis-Hubungan-Sosial) dideleng 4 Januari 2017.*

*[https://www.scribd.com/document/358233427/Kamus-  
Istilah-Kesehatan-Dalam-Kebudayaan-  
Sundad](https://www.scribd.com/document/358233427/Kamus-Istilah-Kesehatan-Dalam-Kebudayaan-Sundad) dideleng 18 November 2017.*



**UNESA**  
Universitas Negeri Surabaya